

KI SA KANSÈ NAN MATRIS LA YE? E SA KI KAPAB LAKOZ LI?

- Kansè nan matris la se yon maladi nou kapab gen kontwòl li.
- Se yon mikwòb ki koze kansè nan matris la, e mikwòb sa a rele (HPV).
- Ou twouve kansè nan matris la kay medam yo sèlman, men jèm ki bay maladi a chita nan tèt kòk gason yo.
- Si mikwòb ki ba ou maladi sa a pa mouri, kansè nan matris la kapab devlope sou dis lane.
- Pandan dis lane sa yo, nou kapab kontwòle mikwòb sa a, e rive elimine li nèt anvan nou gen maladi ki rele kansè nan matris la.



KI SA HPV/ (VPM) VLE DI?

- HPV se mikwòb ki ba ou maladi ki rele kansè nan matris la.
- HPV se yon enfeksyon ou kapab trape nan fè bagay/dezòd.
- Si enfeksyon sa a dire anpil lane, li kapab ba ou kansè nan matris.

Kèk bagay ou bezwen konnen sou kansè nan matris ak HPV?

Sèlman ou menm ki kapab konsyan de eta kò w, okenn lòt moun pap fè sa pou ou.



Bati yon fanmi ki an sante, yon kominote an sante pou yon demen miyò.

September 2012

© Family Health Ministries

<http://familyhm.org/>

(919) 382-5500

2

KI JAN POU M KONNEN SI M GEN MIKWÒB SA A (HPV)?

- Mikwòb la kapab rantre sou ou, e ou pa menm konnen sa. Ou p ap ni santi li ni wè li. Pi souvan, pa gen okenn sentòm pou ki fè w santi w sa.
- Yon sèl fason yon fi kapab konnen li trape mikwòb sa a (HPV) se si li al wè yon doktè oswa yon enfimyè pou fè yon tès pou li rapid.
- Anpil enfeksyon mikwòb sa a (HPV) bay konn disparèt san ou pa blije suiv okenn tretman.
- Si tès ou fè a pozitif, sa pa vle di ou gen kansè nan matris, men gen anpil chans pou kapab vin genyen li.
- Si ou dekouvri mikwòb sa a bonè, epi ou koumanse suiv yon tretman pou sa, w ap gen kontwòl mikwòb la.
- Si ou gen tou de maladi sa yo, sida ak HPV, maladi kansè nan matris la ap devlope pi vit.

3


KI JAN TÈS SA A FÈT?

- Tès la gratis.
- Yo pral mande ou pou siyen yon fòm ki di: “wi, m dakò pou fè tès la.”
- Yon doktè pral rantre yon ti tib an metal nan koko/bòbòt ou epi pran kèk ti moso chè/vyann nan kòl matris ou.
- Tès sa ap dire sèlman kèk minit, epi ou p ap santi okenn doulè.
- Y ap ba ou yon kat idantifikasyon pou kapab retounen nan 5 oswa 6 senmen vin chache rezilta tès la.
- Si rezilta tès la montre ke gen ti moso chè/vyann nan koko/bòbòt ou ki pa nòmal, ou dwe vin nan randevou nan klinik la de fwa pou kapab suiv yon tretman.

4

KI JAN M KA PWOTEJE TÈT MWEN KONT MIKWÒB SA A (HPV)?

- Men sa pou fè pou diminye posibilite pou pa trape mikwòb sa a.
- Fè bagay/dezòd ak mari/patnè ou sèlman.
- Mande patnè/ mari w pou l mete kapòt lè n ap fè bagay.
- Se enpòtan pou nou ankouraje lòt medam yo pou y al fè tès HPV a.



Female Reproductive Organs